Guindi ñakku wi ngir xeex COVID-19.

Español

Bésub 23/04/2021



Generalitat de Catalunya

/Salut

Afril

Guindi ci ñakku ngir xeex COVID-19.

Guisal guindeeku gi ci yeneeni kallaama:

FII: canalsalut.gencat.cat/vacunacio-info

Feeñaayu guindi gi

1. Balangaa ñakku
2. bésu ndajek ñakk mi
3. Gannaaw ñakk mi
4. Ngir jeexal...
5. Ndax dangaa bëgg yeneeni leeral?

Dokumaŋ bii dafa àm ay pacci yu àm ay lien. Paccup index bunek dalay yobu ci bërëb bi pacci binga soxla nekk ci biir dokumaŋ bi, te foofu dinga fa fékk mbooleem laaj yi ak seeni toontu yu àm solo.

Dugu

Ñakkuk xéex COVID-19 liy jubluwaayam mooy kaaraange mbooloo mi, te loolu mooy tax mbas mi jeex.

Ganaaw ba ñakk yi jàppandee, loolu taxna lu bëri ci mbooloo nit ñi dinañ ci mana jot.

Liko dale ci Ministeer bi yore wallu Wergi yaram ak ndimbël li aju ci wallum paj, dañoo sos bile guindeeku waay ngir mana xàm ni ñakku yi wara demee.

Dinga andak ñun walla?

1. Balangaa ñakku

1. Ñakk yi.
    1. Ban ñakk laay jël?
    2. Koondision kilinik yu espesiaal.
2. Sa bésup ñakku.
    1. Nan laay xame bés bima wara ñakku?
    2. Kañ laa wara sakku ci ñu jàppalma bés bimay ñakku?

Sakkul ay leeral yu matale ci niñuy amale ñakku bi ci boo demee ci jaareko ci lieen bi di : canalsalut.gencat.cat/vacunacio-info

1.1. Ñakk yi.

Ci jamono bii ñu tollu nii, ñakk yi ñooy jumtukaay bi gën ngir xeer jàngoroy COVID-19.

Jot kaaraange mboolem nit ñi àmna solo lool ngir wañi wallante gi, ak tëdd hopitaal yi, ak dee yi.

Gannaaw ay goorgoorlu yuñu amal ci wallu gëstu, amna ay xeeti ñakk yu bari yoo xamni kureel gi di (EMA) di Mbootaayu way Europ suy saytu wallu Garabi kër doktoor; benn bunek ci ñakk yooyu dañko digle ci ay kaa yu wuute te man nañleena jël ci benn walla ñaari doos.

Ci weer yii di ñëw, yaakaarnañ booleci ay xeeti ñakk yu bess.

Keepu ku dëkk biir Cataluña dafay ñakku te duci fay dara ak ci bépu xeetu ñakk yimu jël. Ci loolu boolé nañ ci béppu nit bu amul këyit bukoy may mu dëkk sa dëkk ba, walla ku amul këyit walla ku amul këyitu faj bi kunek wara àm.

/ Ban ñakk laay jël?

Mingi aju ci mbir yu bari, luci mel ni jàppandik xeeti ñakk yiñu ame, te ñu xamle leen ñu aju ci maas ginga bokku ci wallu àt ak ci wallu nekkiin ci wergi yaram.

Ay boroom xamxam ci wallum doxaliinu dëkk, ak yu bayyiko ci ay kureeli xamxam yu mak, ak yeneeni mbooloo ñoo ànd di ligéey ngir jëlëndoo benn dogal ci ñakk yiñu wara jiitël.

Mbooloo moomu mingi def liguéey bu àm solo ca Cataluña.

Jiitëluk ñakk yi ñingiko mék ci kiriteer yii di ñëw:

- / Risku jafejafe yu graw yu aju ci COVID-19 ak faatu gi.
- / Risku tasaarok doomu jàngoro bi.
- / Dayo bimu àm ci nit ñi ak niñuy doxale seen ligéey.
- / Risku tasaarook jàngoro ji.

Nañu bayyi xel ci ni jàppandik doos yi dafay yokku ndank ndànk, te mbootaayu Union Europeen, ak lenn ci ñakk yi dañoo àm ay kondision deeñcuwaay ak jëfëndikoo gu espesiaal, te loolu mooy doxal niñukoy organisee, niñukor seedëlee ak niñukoy jëfëndikoo.

/ Koondision kilinik yu espesiaal.

Lenn ci kondisioŋu wergi yaram, luci mel ni xel muy teey, walla mbir yiy tax jiguéen ëmbu walla sax mu ëmbu, dañ cee wara bayyi xel ci jamono biñuy ñakku.

Lu ëppu ci garabi kër doktoor yi amuñu ay efee ci jamono jingay ñakku, ludul ni kuy ligéeye kër doktoor dafa wax lu wuuteek lolu.

Ak numu manti deme, ñakk yi ngir xéex COVID-19 wanenañ ni woor nañ te baax nañ ci lu ëpu ci way feebar yi ame ay màndarga jàngoro ji ak ci populaasioŋ bi.

Waaye warnañoo leeral ni, ci jamono jii, xale ci seen àt tolloogul ci 16 mënuñoo ñakku te nanguk ñakku yi ñeel xale yi ak ndaw ñi ñingi tollu ci eseeye kilinik.

1.2. Sa bésup ñakku

/ Nan laay xame bés bima wara ñakku?

Dinañla xamal jamono binga xamni sa maas ginga bokku manna ñakku jaareko ci bërëbu yëgle kaay yu àm doole yi (yuci melni tele, radio, walla ci interneet)

Saytul baxam say mbiri kontak yiñula mana jote def ngako ci La Meva Salut ndaxte mangaa jot ab bataaxal bu bayyikoo ci Bërëb bi yore wallum weergi yaram.

Yore jumtukaay boobu lu àm solo la ndaxte man ngaa telesaarge rapooru ñakki COVID-19 yi.

Bufekee ni ba leegi siñeego, man ngakoo def léegi ci lamevasalut.gencat.cat/alta.

/ ¿Nan laay sakkoo ñu jàppalma bés bimay ñakku?

Bo bëgee ñakku, munta ñakk balangaa eenristere sa rendewu ci siit internet bi vacunacovid.catsalut.gencat.cat, finga sakko bés, walla waxtu ak bërëb nir nga ñakku, walla booko soxla, man ngaa sopi sa bés binga bëgg ñu ñakk la.

Bufekkee ni danga wara ñakoo ñaari doos, dinañ jokkoo ak yaw ngir ñaareelu rendeewu (buñu sukkendikoo ci digënte biñuy jëfëndiko ñakk giñula defal).

2. Bésu ndajek ñakk mi

2.1 Eksi gi ci saantar bi.

2.2 Yiñu digle.

2.3 Jumtukaayu kaaraangue.

2.4 Jamonoy ñakk gi.

- Pikiir bi.
- Gannaaw pikiir bi.
- Ñaareelu doos bi.

2.1 Eksi gi ci saantar bi

Nanga jubël ci bërëbu ñakk giñu def ci sa rendewu, te nga yobaale sa kaarne wergi yaram (TSI) ak sa Kaart didaantite, walla sa NIE walla sa paaspoor. Fàww ñu wone tamit luy firndeel jox nañla rendewu.

Soppunañ ci nga dem yaw dongu, ludul ni danga soxla dimbël lu juge ci beneen nit.

2.2 Colka giñu digle.

Ñingi sakku ci yaw nga sol yeere bu loxo yi gàtt, buñu mana wak baci mbagg yi , walla sax yeere bu amul ay yoxo.

Bo bëggee tamit man ngasee tek piliweer, bo xam ni manañko dindi ci lu gaaw te du àm benn jafejafe.

2.3 Jumtukaayu kaaraangue

Ngir nga nek ci dal, ci bërëb bingay ñakkoo dinañ fexe ba matal jumtukaayu kaaraange yi ngir xeex COVID-19:

/ Jëfëndikoo espaas yu ubeeku yi ak ngelawal waantilo bu mengoo.

/ Respekte soriwante bi.

/ Séeddëlekatu seel biñuy raxasoo.

/ Tàkk mask bu baaxn te solko solie bu baax.

/ Saytu dugg yi ak genn yi.

2.4 Jamonoy ñakk gi

/ Pikiir bi

Bo eksee di bërëbu ñakku gi, benn way kër doktoor boo xamni taggàt nañ ko tagatu bu muccu ayyib ci wallu ñakk bi dinala xaar te moolay wax digley wergi yaram ak digley cett yinga wara toppu.

Ñakk dina màt ci ay segoondu te doos bi walla pikiir bi dafa ndaw, waaye bufekkee ni jamjam bi dafay meti, man ngaa sakku dimbël ci benn way kër doktoor ngir ñu topatoola.

/ Gannaaw pikiir bi

Boo ñakkoo ba pare, nanga xaar 15 minute ci bërëb binga ñakko ngir nga xaar baxam du àm ay efee yu jàmpu yulay dal.

Bunekee nit ñoo xamni dañoo masoona àm ay reaksion xel yuy teey yu graaw (anafilaxis), dina took ñukoy saytu ci diirub 30 minutes gannaaw ñakk gi. Ci bërëbu ñakk yi amna ay doktoor yiy faj yu jàmpu yi ak ay ñilay jox ay leeral ci dirup ñakk bi.

Bul àm benn jafejafe ci laaj ndimbël saa booko soxlaa.

/Ñaareelu doos bi

Nekul ni nit ñéppu ñoo wara jël ñaari doos. Buñu sukkëndikoo ci sa profiilu risk, ci say àt walla ci ñakk gingay jël, man nañlaa woowaat ngir nga jël ñaareelu doos bi.

Dinañ jokkoo ak yaw ngir porograme ñaareelu ndaje mi ndax dafa mëntë ñakk ci mataleek ñakk bi.

3. Gannaaw ñakk bi

3.1. Ay efee segondeer

3.2 Kaaraange gi numuy deme?

3.3 Kaaraange mbooloo mi.

3.4 Diirup kaaraangue gi ak cipitey wirus

3.5 Suma jëlee ñakk yi ba pare: ndax man naa wéy di jël jumtukaay yi?

3.6 Firndeek ñakk.

Ndokle! Jël nga benn walla ñaari doosi ñakk yi.

Danga wara wéy di taaxeerlu: kirlaay nekul luy àm ci saasi te, kom nimuy ame ci yeneen xeeti ñakk yeppu, man ngaa yëk ay efee yu wuute.

Lici ëppu dafa oyof, bu fekkee ni amna.

Bayil xel ci toombu bici toppu ngir nga xam ko te ngir nga xam kañ nga wara jokkoo ak sa doktoor, sa saantar bingay fajoo walla 061 bi.

3.1. Ay efee segondeer

3.1. Ay efee segondeer yi gënë bëri mooy:

- Loxo buy meti ci fiñula ñakke.
- Coono.
- Bopu buy meti ak/walla yaram yuy meti.
- Yaram wuy tàng.

Buñu feeñee, efee yu wuute dinañko faral di gis gannaaw ñaareelu doos bi, dañuy faral di nekk lu oyof te duñu weesu lu ñeppu benn walla ñaari fàn.

Ak luci mana àm, dina wane ay maandarga yu wuute. Bu fekkeeni ajawoo ngako, te waa kër doktoor digël lako, man ngaa jël ay anaasesik, luci melni paracetaamol, ngir wañi metiit yu wuute yi.

Bu maandarga yooyu wéyee ba ëppu ñetti fàn, yëgëlko sa doktoor walla ca waal 061.

Efee yu wuute yiñu wara yëggle:

Teelal jokkoo ak sa doktoor walla sa saantar biñulay defale faj gu njëkk, walla nga woote ci 061 bu fekkee ni àm nga lenn si yile mandrga:

- Jafejafey noyyi.
- Loxo buy meti walla tànk buy meti.
- Bët yu lëndëm walla gisiin bu leerul.
- Bopu buy meti ak bu taxawul.
- Ay tërgën yu bari yu ndaw.
- Yaram wu dereetal walla wu futtu.
- Dënn buy meti.

3.2 Kirlaay gi numuy deme?

3.3 Kirlaayu kenn kunek.

Kirlaay gi dooko jot ci liko tambalee ci simili 0 gannaaw ñakku bi. Dina xaar ay fàn balaa moo matale, te saa sune gannaaw doos bu muju bi lay tàmbali.

Gannaaw banga ñakkoo ba pare, batay jàngoroy COVID-19 man nalaa dalaat, waye infeksion bi mannaa oyof walla mu oyof lool. Bo amee ay mandarga yu melni yoy COVID-19 gannaaw banga ñakkoo ba pare, dangaa wara beru tenga jokkook sa doktoor.

3.3 Kirlaayu mbooloo mi

Dañoo jàppu ni kirlaayu mboolo mi danañko joot bufekkee ni lumu néewnéew matna 70% ci waa dëkk bi ñakku nañ walla ñu àm ay antikoor gannaaw baleen jàngoro bi dalee ba pare.

Doonte munuñukoo xàm kañ lañuy aksi ci siifar boobu, ak cilu mana nek, dogal yiñu jël duñuko dindi fileek kilifëy nguur gi saytu wuñuko ba gis ni risk yi bariwul.

3.4 Diirup kaaraangue gi ak cipitey wirus

Ñi seen xàmxam maci ci wallu siaans ñingi legéey ngir am ay leeral ci diirub kirlaay gi, muy ñakk bi walla muy infeksion. Limu ñi amaat infeksion COVID-19 dafa wacci lool.

Ba léegi, ñakk yi jaapandi dafay aar tamit ci copitey doomu jangoro bi binga xamni feeñ na ci dëkk bi.

3.5 Suma jëlee ñakk yi ba pare: ndax man naa wéy di jël jumtukaay yi?

Ba fileek ñuy àm kirlaayu mbooloomi, dañoo wara saxal jumtukaayu fagandiku yi kilifëy nguur gi saxal, ak jumtukaayu kaaraangey kenn kunek (distaans, cetuk yoxo yi, takk mask bu baax, féexël bërëb yu tëju yi, moytu mbooloo yi te saxal mbir yiñuy amal ci mbédd mi). Saxal leen dafay tax ñu waññi tasaarook wiris bi.

3.6 Firndeek ñakk

Ñakk bi dinañ ko bind ci sa dosiee medikaal, te ñu seeddëleko ci mbooleen sisteemu wergi yaram wi te ngeen mankoo saytu ci La Meva Salut.

Ci pacci bii di «Rapoor ak resiltaa» ab PDF dana feeñ ak bépu ñakk buñula masa defal ci sa ngiiru dundu, te bokunasi firndey ñakku COVID-19.

Bufekee ni ba leegi siñeego ci La Meva Salut, man ngakoo def léegi ci lamevasalut.gencat.cat/alta.

Fexeel ba yeesal say jokkoowaay, luci melni sa telefon walla sa email, ngir nga mana jokkoo ci kanam ak waa kër doktoor.

4. Ngir jeexal...

Ñakk yi nekuñu lu mëntë ñaak, waaye lu àm solo la ngir aarleen ak fexe ba amal kirlaayu mbooloo mi.

Mbootaayu aduna yiy saytu garabi kër doktoor yi, buci melni Mbootaay biy saytu Garabi kër doktoor ci Euroop, nangunañ jëfëndikoo gi sukkëndikoo ko ci kaaraangeem ak baaxaayam.

Bo ñakkoo, dangay aar sa boppu aaraale ñinga dëkkël.

Raxsi doli, yaakaar ngeen feeñuk yeneen copitey wiris bi, ndaxte bi nimuy màgge dafa gaaw bufekkee ni nit ñi aaru wuñu.

5. Ndax dangaa bëgg yeneeni leeral?

Bo bëggee ñakku:

Yeesalal say buumu jokkookaay ak say xame ca La Meva Salut ndax ñu manlaa jot buñula soxlaa walla bo waree jot konwokasion ngir nga ñakku.

Bufekee ni ba leegi siñeego, man ngakoo def léegi ci lamevasalut.gencat.cat/alta.

/ Ngir nga àm ay leeral yuñu beesal:

Situ kaampaañu ñakku bi: https://canalsalut.gencat.cat/ca/salut-a-z/v/vacuna-covid-19/ciutadania/campanya-vacunacio/

Situ Canal Saluhttps://canalsalut.gencat.cat

Bufekkee ni danga bëgë seet ay leeral ci niñuy amale ñakku gi ubbil dokumaŋ bi ci lien bii: https://canalsalut.gencat.cat/web/.content/_A-Z/V/vacuna-covid-19/ciutadania/documents/informacio-despres-cita-vacunacio-catala.pdf

Bo amee leneen loo bëgg kulako leeralal, wooteel ci 061.

Xool leenñu ci reso sosioo yi te nga yonnee sa experiaans ci wallum ñakku ci #JoEmVacuno #Avancem